# QARAQALPAQ TILI SABAǴINDA KISHI TOPARLARDA ISLEWDIŃ ÁHMIYETI.

***TAUMURATOVA SHIYRINXAN KOMEKBOYEVNA***

*Qaroqolpog'iston Respublikasi Qo'n'g'irot tumani*

*3-umumta'lim maktabi qaroqolpoq tili fani o'qituvchisi*

**ANNOTATSIYA**

Bul maqalada "Qaraqalpaq tili sabaǵında kishi toparlarda islewdiń áhmiyeti " temasın pánler arasındaǵı baylanıstı kúsheytiw máqsetinde, oqıtıwshınıń oqıwshı jasına say temanı durıs rejelestiriw qaǵıydaların úyreniw tolıq kórsetilgen.

Sabaq sıpatı ayrıqsha nátiyjelerge erisiw ushın , sabaqtıń maqseti hám mazmunına ayrıqsha áhmiyet beriledi. Sabaqtıń tiykarın quraytuǵın metodlardı tańlaw usılları berilgen hám tema tiykarında metodlar qollanılǵan. Bunnan basqa sabaqtıń basqa tarawlar menen baylanısı áhmiyetke iye. Bul jerde pánler ara baylanıs anıqlastırılıp berilgen. Bul metodikalıq usınısta kórsetilgen metodlar 6-klass oqıwshılarına sáykeslendirip jazılǵan.

**Gilt sózler:** tálim metodları,toparlarda jumıs islew, pánler ara baylanıs, "Ortalıq sáwbeti", "BBB", bahalaw, ózlestiriw.

**Kirisiw.**

Sabaqtı rejelestiriw-kútilgen oqıw nátiyjelerine erisiw máqsetinde oqıw procesine tayarlıq kóriw:tálim metodların tańlaw, tarqatpa materiallar hám oqıw-didaktik qurallar tayarlaw.

Barlıq imkaniyatlardı inabatqa alǵan halda,bir márte dúzilgen rejede ózgerisler bolmawına háreket etiw kerek.

Oqıtıwshı ushın rejelestiriw-sabaq barısın basqarıwda qátelerge jol qoymaw zárúr.

Oqıwshı ushın rejelestiriw berilip atırǵan bilimnen nelerdi kútiw múmkinligi haqqında anıq túsinikke iye bolamız.

Máqsetler: Ne ushın?

Hárbir ótilip atırǵan taza tema aldınnan belgilengen máqsetke ámel etiwi kerek.

Házirgi waqıtta tálim procesinde oqıtıwdıń zamanagóy metodları keń qollanılmaqta. Oqıtıwdıń zamanagóy metodların qollanıw, oqıtıw procesinde joqarı nátiyjege erisiwge alıp keledi. Tálim metodların tańlawda hárbir sabaqtıń didaktik wazıypasınan kelip shıǵıp tańlaw maqsetke muwapıq sanaladı.

Dástúriy sabaq túrin saqlap qalǵan halda, oǵan oqıwshınıń belsendiligin kúsheyttiretuǵın metodlar menen bayıtıw oqıwshınıń ózlestiriw dárejesiniń joqarılawına alıp keledi. Bul ushın sabaq barısın sheberlik penen shólkemlestiriw, olardı qızıqtırıw, oqıwshınıń belsendiligin marapatlap barıw, oqıw materialların úyreniwde, mazmunın ashıwda kishi toparlarda islesiwdiń áhmiyeti orınlı.

Kishi toparlarda islesiw barısında interaktiv metodlardı temaǵa say tańlap alınadı. Oqıwshılar kishi toparlarǵa bólingende oqıtıwshı barlıq oqıwshılardı baqlawına aladı hám olar sabaq procesine tolıq qamtıp alınadı.

Nátiyjede toparlarda islesiwdiń paydalı tárepleri tómendegilerden ibarat.

-Bilim sıpatı joqarı bolǵan oqıp úyreniw,

-Oqıwshınıń joqarı dárejede marapatlanıwı hám dıqqattıń jámleniwi.

-Waqıttıń tejeliwine alıp keledi.

-Óz-ara bir-birewin bahalaw imkaniyatları payda boladı.

Mısalı, “Ortalıq sáwbeti” metodın “Atlıq hám onıń jasalıwı” degen temada tómendegishe paydalansaq boladı.

1. Oqıtıwshı oqıwshılardı taza tema menen tanıstırıp shınıǵıw ótkeriw tártibi menen tanıstıradı.
2. Hárbir oqıwshıǵa bir konvertten hám juwap jazıw ushın toparda neshe adam bolsa,sonsha Juwaplar beti tarqatılıp, hárbir juwaptı jazıw ushın ajıratılǵan waqıt belgilenedi. Oqıwshı konvertke hám Juwaplar betine óz familiyası hám atın

jazadı.( Mısalı: Atlıq degenimiz ne? Atlıqtıń jasalıw usılları? Atlıqtıń jasalıwına mısallar islep atlıqtıń qaysı túrine kiretuǵınlıǵın anıqlaw kerek)

3. Oqıwshı konvert ústine tema boyınsha óz sorawın jazadı hám Juwaplar betine óz juwabın jazıp, konvert ishine salıp qoyadı.

4. Konvertke soraw jazǵan oqıwshı knvertti saat jónelisi boyınsha janındaǵı tálim alıwshıǵa uzatadı.

5. Konvertti alǵan oqıwshı konvert ústindegi sorawǵa Juwaplar beti nen birine juwap jazadı hám konvert ishine salıp qoyadı hám de janındaǵı oqıwshıǵa uzatadı.

6. Konvert ortalıqta dóńgelek stol boylap aylanıp, jáne soraw jazǵan oqıwshınıń ózine qaytıp keledi.

7. Soraw jazǵan oqıwshı konverettegi Juwaplar betin bahalaydı.

8. Barlıq konvertler jıynap alınadı hám birgelikte talqılanadı.

Bul metod qaraqalpaq tilindegi basqa temalardı ótkende de, mısalı, Gáp aǵzaları Sóz shaqapların ótkenimizde de únemli paydalansaq boladı. Bunda oqıwshı metod arqalı tema boyınsha ózleriniń bilimlerin qısqa hám amıq sáwlelendiredi.Bunnan tısqarı oqıwshılar óz-ózin bahalaw imkaniyatına iye boladı. Oqıtıwshı oqıwshılardı obektiv bahalawǵa erisedi.





Oqıtıwshı kishi toparlarǵa usı joqarıdaǵı sıyaqlı súwretlerdi tarqatıp beredi hóm olar súwretlerge qarap tańlaqlardıń túrlerine mısallar jazadı. Bul súwretler arqalı oqıwshılardıń gózzal tábiyatqa bolǵan súyispenshiligi artadı hám temanıń pánler ara baylanısı kúsheyedi.

**1,2-tarqatpalar**



Sabaq barısında temaǵa sáykes ráwishte aldınnan tayarlanǵan tarqatpa materiallar toparlarǵa tarqatılıwı tiyis.  Biraq temaǵa kirispey turıp tarqatpa materiallar tarqatılmaydı. Álbette, sabaq basqıshlarında zamanagóy tálim qurallarınan ónimli paydalanıwımız tiyis.

Bunnan tısqarı qayta baylanıstıń da támiynleniwine alıp keledi. Toparlarda islesiw ásirese bekkemlew basqıshında máqsetke muwapıq boladı. Paydalanǵan metodlarıńız oqıwshılardıń temanı qanday dárejede ózlestirgenin kórsetip beredi

**Paydalanǵan ádebiyatlar**

1. Qaraqalpaq tili (Oqıw basqa tillerde alıp barılatuǵın ushın sabaqlıqlar) A.Dáwletov, A.Nauruzbaeva, A.Ótemisov, Z.Ayjanova.
2. "Kasbiy pedagogika" blokini óqitish metodikasi. Toshkent-2007.